




Liberté • Égalité • Fraternité

RÉPUBLIQUE FRANÇAISE

MINISTRE ENTEREYE

Direksyon jeneral pou étranjé Lafrans




gid
pou Aplikasyon
Azil



REZIME

1. Plizyé fom pwotèksyon.....	4
1.1. Eitati réfiyé.....	4
1.2. Pwotèksyon oksilyè.....	4
1.3. Eitati apatrid	4
2. Aksè pou pwosédi ak dwa rété sou tériwa-a	6
2.1. Dètèminasyon l'éta ki responsab aplikasyon nan azil	6
2.2. Dwa pou rété sou tériwa franse-a	7
3. Kondisyon ègzamen pou demann azil	9
3.1. Egzamen biwo franse pou pwotèksyon réfiyé ak apatrid (OFPRA).....	9
■ Dosyé l'OFPRA pou ranpli.....	9
■ Voyé dosyé-a	9
■ Prév anréjistremann demann_ou l'OFPRA.....	10
■ Egzamen demann pwosédi nomal ou pwosédi rapid.....	10
■ Entèvyou l'OFPRA.....	10
■ Désizyon l'OFPRA	11
3.2. Egzamen nan Cou nasyonal dwa l'azil (CNDA)	12
■ Tan pou rékou	12
■ Rékou-a	12
■ Akizé réserwa yon rékou.....	13
■ Asistans yon avoka	13
■ Odyans nan CNDA	13
■ Désizyon CNDA.....	14
3.3. Inadmisibilité ak fèmeti yon demann azil	14
■ Demann inadmisib	14
■ Fèmeti yon demann	14
3.4. Rekonsidèrasyon.....	15
4. Chemen pou moun kap mandé azil	16
4.1. Akonpayman moun kap mandé azil	16
■ Prémyé akey ak oryantasyon	16
■ Kondisyon pou akey	17
■ Sipoté yon moun vilnérab nan biwo inik.....	18
4.2. Ebèjman moun kap mandé azil	18
■ Plas pou ebèjman	18
■ Oryantasyon pou ebèjman.....	19
■ Soti koté yo ebèjéw.....	19
5. Dwa moun kap mandé azil	20
5.1. Alokasyon pou moun kap mandé azil (ADA).....	20
■ Kondisyon pou jwenn li	20
■ Ki jan pou tè demann ou.....	20



■ Konbyen alokasyon	20
■ Pèman alokasyon-a	21
■ Rékou-a	21
5.2. Aksè pou édikasyon	21
5.3. Aksè pou swen	21
■ Swen ijans	21
■ Kouvéti maladi inivèsèl (CMU)	22
5.4. Aksè pou travay	22
6. Rézilta réjè yon demann azil ak dwa rété anlè tériwa-a	23
6.1. Désizyon réjè l'OFPRA ou byen CNDA	23
6.2. Ed pou ritounen nan péyi orijin-ou	23
6.3. Obligasyon ritournen nan péyi orijin-ou	24
7. Dwa moun ki bénéfisyè yon pwotèksyon	25
7.1. Séjou Lafrans	25
7.2. Séjou pou fanmi	26
■ Dwa séjou pou moun fanmi'w	26
■ Dwa réyiniyasyon yon fanmi	26
7.3. Entegrasyon	27
■ Sinyati kontra akèy ak entégrasyon nan biwo franse imigrasyon ak entégrasyon (OFII)	27
7.4. Dwa sosyal	27
■ Aksè pou lojman	27
■ Aksè pou travay	28
■ Aksè pou swen	28
■ Benefis sosyal ak fanmi	28
7.5. Vwayaj nan péyi étranjé	29
7.6. Natiralizasyon	29
ANEX : adrès itil	30
1. Adrès nasyonal	30
■ Asosyasyon	30
2. Adrès lokal	32
■ Biwo inik	32
■ Préfèkti	33
■ Direksyon tériwa biwo franse imigrasyon ak entégrasyon (OFII)	35



1. Plizyé fom pwotèksyon

Lafrans gen twa fom pwotèksyon : estati réfijyé, pwotèksyon oksilyè, estati apatrid.

1.1. Estati réfijyé

Ou kapab jwenn estati réfijyé pou twa (3) koz :

- **Konvansyon Jenev** pou estati réfijyé nan dat 28 jiyé 1951. Yo bay estati réfijyé pou « tout moun ki gen laperez pèsekisyon pou ras li, rélijyon'l, nasyonalité'l, si'l fè pati yon gwoup sosyal ou byen pou pozisyon politik li, lè moun sa-a pa nan péyi koté l'genyen nasyonalité si'l pa kapab ou byen, dapré laperez sa-a, li pa kapab mandé pwotèksyon péyi sa-a » ;
- **Lazil konstitisyonèl** ki soti nan alinéa 4 konstitisyon 1946. Yo kon bay papyé réfijyé pou « tout moun ki pèsékité pou tèt lap fè aksyon pou libète » ;
- **Mandatè komisyoné nasyonzini pou réfijyé (HCR)** : lè yo rékonet ou réfijyé nan HCR sou baz atik 6 ak 7 pou estati sa-a.

1.2. Pwotèksyon oksilyè

Ou jwenn yon pwotèksyon oksilyè lè moun sa-a pa kapab genyen yon estati réfijyé men li genyen bon laperez nan péyi li ak gwo ménas ki kapab :

- penn lanmo ou byen ekzékisyon ;
- toti, ou byen penn trètman inimen ou degradan ;
- pou yon sivil, gwo ménas pou tèt pal kont vi'l ou pesonn li pou vyolans li kapab jwenn nan moun ki pa gen konsidérasyon pou sitiasyon pesonèl li ki sé rézilta yon konfli entèn ou entènasyonal.

Lafrans, ou genyen yon estati réfijyé ou byen yon pwotèksyon oksilyé nan biwo franse pou pwotèksyon réfijyé ak apatrid (**OFPRA**), an ba kontrol cou nasyonal dwa l'azil (**CNDA**).

1.3. Estati apatrid

Dapré konvansyon New Yok 28 sèptanm 1954 pou estati apatrid, yo bay moun estati apatrid moun « ki pa gen yon éta ki konsidère'l kom yon moun éta sa-a dapré léjislasyon'l Estati sa-a pa menm ak dé lot fom pwotèksyon yo sé pou moun ki pa genyen nasyonalité. Li pa pran chay pèsékisyon yo.

Sé l'OFPRA ki kapab bay estati apatrid, anba kontrol tribinal administratif.



Diférans ak yon moun kap mandé lazil, étranjé ki mandé estati apatrid pa gen yon dwa pou rétè anlè tériwa-a lé yap fé enstriksyon démann li.

Ou pa bezwen alé la préfekti, ékri l'**OFPRA**, bay siyati'w, non'w, adrès ou ak koz ki fèw fè démann sa-a.

L'**OFPRA** pral voyé yon fom démann estati apatrid. Ou gen pou ranpli'l ekspliké poukisa ou pansé ou pa kapab genyen nasyonalité nan okenn l'eta. Ou gen pou siye fom nan ak dé bout' foto idantité'w, si ou genyen, yon dokiman voyaj', dokiman éta sivil ak kopi yon séjou ki valid.

L'**OFPRA** mandé pou nou voyé fom sa-a nan yon lét « rékomadé ak akizé résèpsyon ».

L'**OFPRA** pral konvoké'w pou yon antrétien. Kom ou pa fé démann lazil, ou pap kapab vini ak yon avoka ou byen yon reprézantan asosyasyon.

Yo pral tandé'w nan lang' ou chwazi ou byen nan lang' ou tandé ou ké ou kapab kominiké.

L'**OFPRA** pral voyé rézilta-a pou-ou nan yon lét « rékomandé ak akizé résèpsyon ».

- ✓ **Lè l'**OFPRA** kalifyé'w pou estati apatrid**, wap jwenn menm dwa ak moun ki gen pwotèksyon (gadé 7. Dwa moun ki bénéfisyè yon pwotèksyon), wap gen dwa yon séjou, yon dwa pou voyaj, wap gen dwa viv yon vi nomal ak fanmi'w.
- ✓ **Lè l'**OFPRA** baw réfi pou estati apatrid**, ou gen dwa pa dako ak rézilta sa-a douvan tribinal administratif ki pré zon koté ou rétè-a ou gen dè (2) mwa pou fè sa lé ou jwenn rézilta l'**OFPRA**.

Rékou-a pap sispann, sa vlé di yo kapab mande'w kité tériwa-a (obligasyon kité tériwa fransé) anvan ou jwenn rézilta tribinal administratif-la.



2. Aksè pou pwosédi ak dwa rété sou tériwa-a

Lé ou vlé mandé lazil Lafrans, sé pou ou poté yon demann azil nan biwo fransé pou pwotèksyon réfijyé ak apatrid (OFPRA).

Ou gen dwa mandé lazil menm si ou légal Lafrans. Ou gen dwa mandé lazil two lè ou ilégal dapré dwa séjou ou byen lè ou rentré ilégal Lafrans.

Si ou té gen viza lè ou rivé Lafrans, yo baw konsey fé demann-ou anvan viza-a fini.

Pou ou kapab fè aplikasyon demann l'azil l'OFPRA, prémyé bagay pou fè sé alé nan biwo inik akey moun kap mandé azil nan zon koté ou rèté (gadé 4. Chemen pou moun kap mandé azil).

Prémyé bagay, yon ajan la préfekti pral gadé si tout enfomasyon biwo inik valab.

Dézyèm bagay, yon ajan biwo fransé imigrasyon ak entégrasyon (OFII) pral gadé sitiyaasyon pésonel-ou.

Lé ou ranpli tout kondisyon sa -yo, yap baw yon atèstasyon demann azil, li valab yon mwa, lap baw dwa rété nan tériwa-a.

2.1. Dètèminasyon l'éta ki responsab aplikasyon nan azil

Pou yo kapab konnen si Lafrans responsab aplikasyon demann lazil ou, yon ajan la préfekti, lé ou pral rémèt dosyé-a, pral pran anprent 10 dwèt-ou li pral palé avè'w pou konnen ki koté ou pasé lè ou soti nan péyi orijin-ou, pou li kapab vwè ki lyen, pou egzanp fanmi, ké ou kapab genyen ak yon lot éta manm. Sé anlè baz tout éléman sa-yo ké yo pral konnen ki péyi responsab egzamen demann lazil-ou dapré aplikasyon régleman n°604/2013 palman ewopèyen ak konsey 26 jen 2013, yo rélé sa Dublen III.

Eta ki nin Dublen III

Sé 28 manm inyon ewopèyen ak 4 péyi asosyé : L'Allemagne (Almay), l'Autriche (Otrich), la Belgique (Beljik), la Bulgarie (Bilgari), Chypre (Chip), Croatie (Lakwoasi), le Danemark (Danmak),*l'Espagne (Espay), l'Estonie (Estoni), la Finlande (Lafennann), la France (Lafrans), la Grèce (Lagrès), la Hongrie (Laongri), l'Irlande (Ilann), l'Italie (Itali), la Lettonie (Letoni), la Lituanie (Lityana), le Luxembourg (Liksanbou), Malte (MAT), la République Tchèque (Repiblik Tchèk), les Pays Bas (Péyi-Ba), la Pologne (Lapoloy), le Portugal (Potigal), la Roumanie (Woumani), le Royaume-uni (Wayom Ini), la Slovaquie (Slovaki), la Slovénie (Sloveni), la Suède (Suéd), genyen lot éta asosyé kankou : l'Islande (Islann), la Norvège (Lanovèj) ak Lichtenstein (Lichennstayn);.

* Danemark (Danmak) pa nan règleman « Dublin (Dublen) III », li kontinyé apliké konvansyon Dublen ki té siyen 15 jen 1990.



Kapab genyen yon lot éta ewopeyen ki pa Lafrans kap responsab egzamen démann lazil-ou, pa egzamp :

- lè yon lot éta manm té baw yon rézidans ou byen yon viza ki toujou valab ;
- lè yo konnen ou té rantré ilégal, pa razyé, avyon, lanmé, nan frontyé an dewo yon lot éta manm ;
- lè ou rantré anlè tériwa inyon ewpeyen nan prémyé frontyé yon l'éta manm koté ou pa bezwen viza ;
- lè ou té gen tan fè yon démanm lazil nan yon lot éta manm.

Lé sé yon lot eta manm kap pran'w an chaj' : le yon lot éta manm ki pa Lafrans kap responsab aplikasyon demanm lazil-ou, lapréfeki pral okipé demach ak lot éta sa-a pou'l kapab pran'w an chaj.

Lé sa-a yo pral baw yon aplikasyon demanm lazil kap baw dwa rété anlé tériwa franse jouk lè yap kapab voyé'w alé nan lot eta kap responsab ou.

Sé sévis la préfeki ki pral okipé voyaj ou, yap baw désizyon ak ki lè ou pralé. Ou gen 15 jou pou di ou pa dako ak désizyon sa-a douvan tribinal administratif.

Priz an chaj Lafrans : nan ka sé pwosédi Dublen kap di sé Lafrans ki rèsponsab démanm ou, pwosédi pral fèt nan kondisyon li maké anba (gadé 2.2).

2.2. Dwa pou rété sou tériwa franse-a

Lè sé Lafrans ki responsab egzamen demanm-ou, yo pral baw yon prémyé atèstasyon démanm lazil ki valab yon (1) mwa. Lapréfeki kapab réfizé'w atèstasyon démanm lazil nan ka sa-yo :

- wap fè yon lot demand réégzamen (gadé 3.4) ;
- yo pran désizyon pou depoté'w nan yon pèyi ki pa péyi orijin-ou, ou byen yon désizyon manda d'arè ewopeyen ou yon démanm douvan yon kou pènal entenasjonal.

Ou gen yon mwa, anvan 21 jou pasé sé pou dépozé ou byen voyé l'OFPRA aplikasyon démanm lazil ou (gadé 3. Kondisyon egzamen pou démann azil).

Si dosyé-a konplè, l'OFPRA pral fè'w konnen ak yon lét lé li resevwa'l. Sé pou ou prezanté lét sa-a lapréfeki koté ou rété-a pou yo kapab rénouvlè atèstasyon démanm lazil-ou.

Yo pral rénouvlè atestasyon-a tout lè yo pral travay sou démanm lazil-ou, jouk lè yo fè'w konnen rézilta l'OFPRA ou byen, nan ka wap fè rékou douvan CNDA, ak prezantasyon avi résépsyon rékou-a (gadé 3.2 Egzamen nan cou nasyonal dwa l'azil), jouk lè ou jwenn rézilta-a.

Chak démanm rénouvelman, ou gen pou prezantè ak démanm ou pyès lapréfeki mandè'w, jistifikasyon koté lyé ou rété ou byen rézidans koté ou ébèjè, ou byen adrès asosyasyon pou résèvwa lét ou.

Lè ou pral fè prémyè rénouvelman, dézyèm atèstasyon-a pral valab 9 mwa pou pwosédi nomal, ou byen 6 mwa pou pwosédi rapid.

Pwochen rénouvelman, atèstasyon-a pral valab 6 mwa pou pwosédi nomal, 3 mwa pou pwosédi rapid.

Lè sé yon lot péyi unyon ewopeyen ki rèsponsab démanm-ou, sé pwosédi Dublen kap aplikè, prémyè atèstasyon-a valab yon mwa. Yap fè rénouvelman pou 4 mwa (gadé 2.1 Dètèminasyon l'éta ki rèsponsab aplikasyon nan azil).



ATANSYON : atèstasyon démanm azil-ou pa baw dwa sikilé lib nan péyi inyon ewopeyen.

Lapréfeki kapab pran ou réfizé rénouvelman atèstasyon démanm azil-ou nan ka sa-yo :

- l'OFPRA déklaré demanm azil-ou inadmisib (gadé 3.3. Inadmisib ak fémè) ;
- ou di l'OFPRA ou pa vlé fè démanm azil anko (gadé 3.3 Inadmisib ak fémè) ;
- l'OFPRA pran désizyon femè'l ou pa't mandé pou yo ouvri dosyè'w anko (gadé 3.3.) ;
- ou fè yon démanm réégzamen, ki inadmisib, nan objèktif pou yo pa depote'w (gadé 3.4. Rekonfidèrasyon) ;
- ou prezantè yon lot démanm réégzamen (gadé 3.4.) ;
- yo pran désizyon pou depote'w nèt nan yon péyi ki pa péyi orijin- ou, ou byen désizyon yon manda arè ewopeyen ou yon démanm douvan yon kou pénal enténasyon.

Nan ka sa-a ou oblijè kite tiritwa-a, ou byen yo pral oblijé'w kite tiritwa fransé.



3. Kondisyon egzamen pou démann azil

3.1. Egzamen biwo franse pou pwoteksyon réfijyé ak apatrid (OFPRA)

Lapréfakti té baw ansanm ak atestasyon démanm azil-ou yon aplikasyon démanm azil fok ou ranpli'l pou bay l'OFPRA.

Lè ou pral bay démanm lazil-ou, ou pa bezwen di ki pwoteksyon ou ta renmen genyen (estati réfijyé ou byen pwoteksyon oksilyé). Gen yon sél pwosédi koté l'OFPRA pral fé étid démanm ou, anvan pou estati réfijyé ou byen lé ou pa nan ka sa-a, pou yon pwosédi oksilyé.

Lè l'OFPRA pa kalifyé'w pou estati réfijyé ou pou pwoteksyon oksilyé, ou gen dwa fè rékou douvan CNDA (gadé 3.2. Egzamen démanm lazil douvan cou nasyonan dwa l'azil). Lè sa-a, ou gen dwa fè rékou douvan CNDA lé ou pa dako ak rézilta l'OFPRA ki pat' kalifyé'w nan pwoteksyon oksilyé.

Enfomasyon ki nan démanm azil-ou konfidansyèl ya pa gen dwa kominiké ak otorité.

■ Dosyé l'OFPRA pou ranpli

Ou gen pou ranpli aplikasyon-a an franse, sé pou siye'l jwenn kopi atestasyon démanm azil-ou valab, 2 bout' foto idantité ak dokiman voyaj ki nan men'w. Yo bezwen pyès sa-yo pou anréjistré démanm-ou l'OFPRA.

■ Voyé dosyé-a

Lè dosye'w konplè, **ou gen 21 jou pou voyè'l** (a pa pou ka reegzamen) daprè lè yo baw atestasyon-a démanm azil-ou nan lèt tou sèl, nan adrès sa-a :

OFPRA
201, rue Carnot
94 136 FONTENAY-SOUS-BOIS CEDEX

Pou egzamp, lé ou jwenn atestasyon démanm lazil-ou 10 janvyé, sé pou voyé dosye'w l'OFPRA anvan 31 janvyé. Sé so lapos kap baw prè.

Yo baw konsey voyé dosyé-a nan « rékomandè ak akizé résèpsyon », pa bliyé makè siyati'w nan « expéditeur ».

Lè dosye'w pa konplè, l'OFPRA pral voyè'l tounen pou-ou lè sa-a ou gen 8 jou pou kapab konpleté'l è voyè'l tounen ba-yo. Si ou pa voyé dosyé-a tounen nan lè sa-a, l'OFPRA pral fèmen démanm-ou, yo pap rénouvlè atestasyon démanm lazil-ou anko.



Ou kapab, lé ou bezwen nan pwosédi-a, voyé l'OFPRA lot dokiman. Pa bliyé mété nan tout lèt ou voyé l'OFPRA niméwo dosyé'w ki anlè lèt anrèjistremen démanm lazil ou.

Si wap chanjè adrès, fok ou enfomé l'OFPRA pli rapid ou kapab nan lèt lapos, plito ou voyé'l « rékomandè ak akizé résépsyon ». Pou tèt se nan dényé adrès l'OFPRA genyen yap voyé lèt pou nou, pou konvokasyon nan enterviyou ou rézilta lap pran pou démanm lazil-ou.

Kimbé yon kopi tout lèt ou voyé l'OFPRA ak lèt biwo-a voyé pou-ou two, tout prè sa ou voyé ak résevwa pa lapos.

■ Prév anrèjistremen démanm_ou l'OFPRA

Lé dosyé'w konplè li rivé nan bon lè, l'OFPRA voyé'w yon lèt, pou enfomé'w anrèjistremen démanm-ou ak niméwo dosyé'w, dokiman sa-a sé prè ofisyel pou démanm l'azil ou fé l'OFPRA. Sé ak dokiman sa-a wap kapab fé rénouvelman prémyé atestasyon démanm lazil-ou.

■ Egzamen démanm pwosédi nomal ou pwosédi rapid

L'OFPRA pral ègzaminen démanm azil-ou, nan pwosédi nomal ou byen pwosédi rapid.

Nan pwosédi rapid, ègzamen-a pral fèt rapid nan 15 jou, ou gen menm bénéfis ak yon pwosédi nomal. L'OFPRA, kapab si yo vlè métè démanm-ou nan pwosédi nomal si yo bezwen lé yo vwé dosyé'w nan sitiyou sa-a.

Sé l'OFPRA ki pral ègzaminè démanm-ou nan pwosédi rapid lé yo plasè'l nan pwosédi rapid dèpi nan biwo inik (gade 4. Chemen moun kap mandé azil).

L'OFPRA kapab mandé yon pwosédi rapid two nan ka sa-yo :

- ou te bay fo dokiman, bagay ki pa verité ou byen ou pat bay bon enfowmasyon ou dokiman nan objektif mété l'OFPRA nan èrè ;
- ou té prezanté lot démanm azil ak yon lot siyati ;
- ou fé démanm azil -ou ak kesyon ki fè yo vwé ou pa bezwen pwotèksyon
- ou deklare bagay ki pa vlé di anyen, ki pa fé sens, ki fo ou byen yo pa kwè'w pou tèt ofisyé-a konnen bagay wap di yo pa kon fèt nan péyi orijin-ou.

Si ou pa dako ou gen dwa pa vlé yo mété dosyé'w nan pwosédi rapid, lè sa-a sé nan rékou CNDA wap kapab fé'l.

■ Entèvyou l'OFPRA

Lé l'OFPRA anrèjistré démanm-ou, ou pral résèvwa yon konvokasyon pou entèvyou.

Ou gen dwa pa prezantè nan entèvyou nan dé ka sa-yo sèlman :

- lè enfowmasyon yo jwenn nan dosyé'w kapab fé l'OFPRA akode'w estati réfijyé ;
- pou koz maladi, ki diré ou pa kap fé anyen kont sa, ou pa kapab prezantè'w nan entèvyou-a.

Lè yo konvoké'w nan entèvyou, ou dwé alé nan biwo l'OFPRA, Fontenay-sous-bois. Sé yon ajan l'OFPRA ki rélé « ofisyé pwotèksyon » ak prezans, si ou bezwen, l'OFPRA pral ba'w yon entèprèt ki palè lang ou déklaré ou palè nan fom démanm lazil-ou, ou byen yo konnen wap palè.

Si ou pa prezanté nan konvokasyon sa-a, absans-ou pral baw gwo konsékans négatif pou démanm lazil-ou, lap bayo dwa fèmé dosyé'w. Ou oblijè, lè ou pa kapab, di l'OFPRA anvan 48h (2 jou), ou byen lè ou gen réta.



Ou kapab, si ou vlé, prezante'w nan entevyou-a, ak yon avoka, ou byen réprézantan asosyasyon kap travay ansanm ak l'OFPPRA ki kapab bay obsèvasyon pal aprè entevyou-a. Yo pap tann avoka-a ou réprézantan asosyasyon si l'pa la nan lè konvokasyon-a.

Si ou vlé, pou tèt ou pa kapab palé koz demanm-ou, entevyou-a kapab fèt ak yon ajan biwo ou byen yon entèprèt sex li chwazi, ou kap mandé l'OFPPRA ;

Entevyou-a konfidansyel. Ofisyè pwotèksyon-a pral maké tout deklarasyon ki pral palé nan entevyou-a, si ou mandé, yo pral kominike'w anvan rézilta-a (pou pwosedi nomal) ou byen ansanm ak rézilta-a (pou pwosedi rapid).

Yo kapab fé anrejistreman entevyou-a lè sa-a si ou pa kalifyè l'OFPPRA pou ou kapab fé rekou kont rézilta sa-a.

✓ Entevyou nan vizyo konferans

Ou kapab genyen yon entevyou, pou tèt ou lwen (lé ou nan péyi outre-mer) ou nan lot ka (pwoblèm santé ou fanmi, ou pa kapab déplasé ou byen ou pa gen libèté), li pap fèt Fontenay-sous-bois lap fèt on lot koté, ak kominikasyon nan télévizyon. Nan ka-a, avoka ou réprézantan asosyasyon-a, ap prézan koté'w. Entèprèt-la pral chita ansanm ak ofisyè pwotèksyon-a.

Gen yon biwo l'OFPPRA Basse-Terre (Bastè) (dépatman Gwadeloup), yo gen konpétans pou 3 dépatman franse d'Amérik : Gwadeloup, Matinik, Gyane. Si ou fé démanm lazil-ou nan youn nan 3 dépatman sa-yo, yo pral tendé'w Bastè, ou nan vizyo konfèrans, ou byen lè yo fé misyon enstruksyon nan dépatman koté ou rété.

■ Désizyon l'OFPPRA

✓ Délè

Délè pou rézilta l'OFPPRA varyab : 15 jou an mwayèn pou pwosédi rapid plizyè mwa pou pwosédi nomal. Si ou pa tandé l'OFPPRA sa pa vlé di ou pa kalifyé. Lè l'OFPPRA pa kapab voyé rézilta-a anvan 6 mwa, yo pral enfomé'w ak yon lèt. Fok ou tchékè let-ou tout tan.

✓ Ou kalifyé

Si ou kalifyé pou démanm-ou, wap :

- réfijyé, l'OFPPRA pral fè'w konnen désizyon'l pou ou kapab jwenn estati réfijyé ;
- ou byen ou jwenn yon pwotèksyon oksilyè, l'OFPPRA pral voyé désizyon'l ki fè'w jwenn yon pwotèksyon oksilyè.

✓ Ou pa kalifyé

Lè ou pa kalifyé, l'OFPPRA pral voyé rézilta-a ékri an franse ak yon dokiman, nan lang ou palè pou ou kapab komprann, pou fé'w konnen ou pa kalifyé pou demanm-ou.

Ou gen dwa di ou pa dako douvan CNDA anvan yon mwa pasè nan dat ou jwenn rézilta-a.

Si ou bezwen ède jiridik pou rékou-a, ou dwé fé démanm-ou anvan 15 jou lé ou jwenn rézilta réfi, ou byen lè wap fé rékou-a.



Si ou pa fé rékou douvan CNDA anvan yon mwa pasé lè ou konnen ou pa kalifyé l'OFPPRA, ou pa gen dwa rété anlè térétiwa-a anko fok ou kité Lafrans.

3.2. Egzamen nan Cou nasyonal dwa l'azil (CNDA)

■ Tan pou rékou

Ou gen yon mwa lè ou pa kalifyé l'OFPPRA pou prezantè rékou-a CNDA. Ou gen dwa mandé yon pwoteksyon lé ou pa kalifyé l'OFPPRA, ou byen mandé pou kalifyé nan réfijyé si sé pwoteksyon oksilyé ou jwenn. Nan ka sa-a, si CNDA pa kalifyé'w nan réfijyé, yo pa kapab tounen anlé pwoteksyon oksilyé ou jwenn l'OFPPRA.

Ou gen pou voyé rékou-a CNDA anvan yon mwa pasé (pou ègzamp, si ou jwenn rèfi-a lapos 20 janvyé, sé pou CNDA anréjistré rékou-a anvan 21 fevryé). Sé pou voyé rékou-a anvan yon mwa pasé. Ou kapab prezanté rekou-a, nanlèt rekomandé ak akizé resepsyon, yon lèt ou byen fax. Si yon mwa pasé lè yo résèwva rékou-a, lap inadmisib, ou pap kalifyé menm lè ou pa fé odyans, ni ègzamen.

■ Rékou-a

Kondisyon pou respèktè :

- prémyé bagay pou fé, gadé tout eksplikasyon ki makè sou do desizyon réfi l'OFPPRA ;
- ekri rékou-a nan fransé anlé yon fey papyé, (pa gen fom pou sa) maké siyati'w, nom'w, éta sivil konplè, travay-ou kay-ou. Sé pou di yo sé rékou wap fé pa blyè ba yo niméwo dosyé l'OFPPRA ;
- ou oblijè jwenn nan rékou-a kopi rézilta l'OFPPRA ;
- di poukisa wap fé rékou, èksplikè poukisa ou pa dako ak réfi l'OFPPRA, pou ki koz l'OFPPRA tè baw bénéfis yon pwoteksyon oksilyé yo pap kapab kalifyé'w nan réfijyé ;
- ba yo tout dokiman ki nan men'w pou idantifyé'w ak nasyonalité'w ;
- pa blyè jwenn dokiman ki kapab util istwa'w ;
- di yo nan ki lang ou vle palé pou rékou-a, jou odyans la, nan jiridiksyon-a.

Pou dokiman nasyonalité'w, pito ou voyé yon kopi nan dosyé-a kimbé orijinal-la paspo'w ou byen kat identifikasyon'w, si ou gen dokiman sa-yo, lè sa-a wap kapab alè lapos chachè lèt rekomandè jiridiksyon-a voyé pou-ou. Wap prezantè orijino-yo jou odyans-la si jijman-a mandé'w.

Pou dokiman sou istwa'w, pito ou voyé orijinal nan dosyé'w kimbé kopi-yo. Jou odyans-la yo pral ba'w dokiman sa-yo, si ou mandé-yo, ou byen yo pral voyé yo tounen pou nou pa lapos an aprè. Sé pou nou tradwi dokiman istwa nou nan fransé. Si l'pa tradwi, CNDA pap kapab itilize-yo. Li pa bezwen tradui ak yon entèprèt ki prété sèman, eksepte pou zak éta sivil ak zak làpolis jidisyè.

- Pa bliye siyen rékou-a. Si ou minè, sé reprezantan légal-ou ki pou siyé'l ;
- Kimbè tout prèv sa ou voyé ak dépo rekou-a, kopi li two ;
- Enfomé CNDA lè wap chanjé adrès ;
- Ou kapab mandé dosyé'w aprè anrejistreman rékou-a.



Si rékou-a fèt nan odyans piblik, sé ou menm pèsònèlman ki pral konvoké nan odyans sa-a.

Ou kapab, nan ka sa-a, poté tout enfowmasyon ékri jouk dat ki anlè konvokasyon-a.

Si ou pa gen okenn éléman grav ki kapab chanjè rézilta l'OFPPRA, CNDA kapab, aprè étid dosyé'w ak yon rapotè, pa kalifyé'w nan rékou san yo pa konvoké'w nan odyans.

■ Akizé réserwa yon rékou

Aprè anrèjistreman rékou-a, CNDA pral voyé'w, nan adrès ou té ba yo, yon dokiman ki relè « accusé de réception d'un recours » (akizé résépsyon pou rékou).

Se dokiman sa-a ki prèw rékou-a byen anrèjitré. Wap gen dwa mandé renouvelman atèstasyon démanm azil-ou, ou gen dwa rété Lafrans jouk lè CNDA voyé rézilta démann-ou.

■ Asistans yon avoka

Ou gen dwa mandé asistans yon avoka nan odyans-ou CNDA.

Wap kapab jwenn èd jiridik. Sé l'eta ki pral sipoté avoka-a ou pap bezwen péyé avoka-a ou-menm.

Pou-ou kapab mandé èd jiridik, ou byen wap prezanté'w nan biwo ed jiridik CNDA, anvan 15 jou lè ou jwenn rézilta réfi l'OFPPRA, yon démann èd jiridik pou prezanté'w nan rékou, ou byen prezanté yon démann èd jiridik pi ta nan rékou-a.

Adrès biwo èd jiridik (BAJ) CNDA :

Cour nationale du droit d'asile
35, rue Cuvier
93 558 MONTREUIL-SOUS-BOIS

Ou kapab bay siyati yon avoka ki aksepté édé'w nan èd jiridik ou byen mandé CNDA chwazi yon pou-ou. Si ou jwenn bénéfis èd jiridik, ou pa gen pou péyé avoka ki chwazi menm si'l mandé'w.

Ou pap jwenn èd jiridik sèlman lé rekou-a inadmisib.

■ Odyans nan CNDA

CNDA pral konvoké'w nan odyans pou yo kapab gadé rekou-ou. Wap resevwa konvakasyon-a yon mwa anvan odyans-la, si sé nan pwosedi rapid ou yé wap jwenn konvakasyon-a 15 jou anvan odyans-ou. Odyans-la pral fèt nan biwo CNDA ki chita Montreuil ou byen nan vizyo konférans pou dépatman lot bo dlo (outré-mer) koté ou té fè démann-ou.

Fomasyon jijman CNDA kap gadé rekou paw prezidé ak yon majista. Wap jwenn two yon pesonalité ki kalifyé nan wo komisyonè Nasyonzini pou réfijyé (HCR). Fomasyon jijman pral palé pou rekou paw apre rapotè-a fin palé, yo pral analizé démann azil-ou san yo pa pran koté pou rézilta-a, sé selman anlé baz eksplikasyon paw ak avoka-ou, si ou gen youn.

Lè biwo-a fé yon pwosédi rapid ou byen lè yon di démann-ou inadmisib, sé yon sel jij CNDA kap travay anlé rekou-a anvan 5 semèn.

Pou yo menm oubien si ou mandé, la kou kapab mandé pou yon fomasyon kolééjyal, lè yo vwè démann pa pou yon pwosédi rapid, li inadmisib, ou byen genyen gwo difikilté ladan'l.

La CNDA pral baw yon entèprèt kap palé lang ou té mandé nan rékou-a ou byen, lè yo pa kapab, nan lang yo té tandé'w l'OFPPRA. Yo rékomandé prezans-ou nan odyans-la. Si ou pa kapab vini, ou gen rèta, sé pou di CNDA-sa. Si ou pa prézan nan odyans-ou, ou gen dwa mandé yon lot jou, sé pou voyé yon



lèt pou ekspliké yo poukisa ou pa kapab vini. Ranvwa-a pa yon dwa, sé prezidan fomasyon jijiman CNDA kap desidé pou kont li si yo kapab fè ranvwa odyans-ou nan yon lot dat.

Odyans-la piblik. Ou gen dwa mandé prezidan fomasyon jijiman-a fèmen odyans-ou, sa vlé di yo pral egzaminé ka-ou san prezans piblik.

Nan ka sa-a, odyans-la pral fèmen otomatikman. Prezidan fomasyon jijiman-a kapab desidé two.

■ Désizyon CNDA

CNDA pral voyé rézilta-a an fransé nan yon lèt lapos « en recommandé avec avis de reception » (rekomandé ak avi resepsyon), ak yon dokiman tradwi nan lang ou asimé palé, pou ekspliké'w sa rézilta-a vlé di.

CNDA kapab :

- anilé rézilta refi l'OFPPRA lé sa-a wap jwenn yo estati réfijyé ou byen bénéfis yon pwotèksyon oksilyé. Wap jwenn menm dwa ak lè l'OFPPRA kalifye'w nan dè pwotèksyon sa-yo ;
- anilé rézilta l'OFPPRA ki té baw yon pwotèksyon okdilyé, pou yo baw yon estati réfijyé ;
- konfimé rézilta refi l'OFPPRA réjité rékou paw ;
- gen ka, yo kapab anile rézilta l'OFPPRA pou mandé-yo fè régzamen démann-ou.

Yo kapab fè rekou nan kasasyon douvan konsey deta. Li pap fé regzamen tout démann-ou sèlman kesyon jiridik. Pwosedi sa-a pran anpil tan wap bezwen yon avoka espesyalizé. Ou gen dwa mandé ed jiridik. Rekou sa-a pap baw dwa retè Lafrans li pap anpéché yo voyé'w tounen nan péyi'w. Pran konsey, pou pwosedi sa-a, nan yon asosyasyon ou byen avoka.

3.3. Inadmisibilité ak fèmeti yon démann azil

■ Démann inadmisib

L'OFPPRA kapab pran desizyon pa kalifye'w lè :

- ou gen bénéfis yon bon pwotèksyon pou azil nan yon éta manm inyon ewopeyen ;
- ou gen bénéfis estati réfijyé ak yon bon pwotèksyon nan yon léta tyè koté ou kapab kalifyé.

Ou gen dwa pa dako ak rézilta douvan CNDA.

Nan ka ou pa kalifyé pou démann-ou, ou pa gen dwa rété anlé térétiwa-a anko fok ou kité Lafrans, menm lè wap fè rékou douvan CNDA.

■ Fèmeti yon démann

✓ Ka pou fèmen

L'OFPPRA kapab fèmen démann-ou lè :

- ou pa vlé fé démann azil anko ou té di yo sa nan entèvyou-a ou nan lèt lapos ;
- ou pa voyé démann-ou anvan 21 jou pasé ou byen ou pat prézan nan entèvyou-a ;



- ou réfizé bay-yo enfowmasyon enpotan pou ègzamen démann-ou ;
- yo pa kapab pran kontak avè'w, pou tèt ou pat bay biwo-a adrès-ou nan bon lè.

Nan ka yo fèmen démann-ou, ou pa gen dwa rété anlè tèritwa-a anko fok ou kitè Lafrans.

✓ Réouvri

Nan ka yo fèmen ègzamen démann-ou, ou kapab mandé pou réouvri'l anvan 9 mwa pasé après yo té pran désizyon femen'l.

Lé sa-a prezanté'w nan préfekti pou yo fé yon lot anréjistreman.

An après ou gen 8 jou le yo fé anréjistreman-a nan préfekti pou fé démann réouvri dosyé l'OFPPRA, yo pral réouvri dosyé'w pou fé ègzamen démann azil-ou nan lè ou te kitè'l.

Nan ka wap mandé réouvri démann-ou anvan 9 mwa pase, wap jwenn bénéfis dwa rété anlè tèritwa-a ak yon atestasyon démann azil.

Pase 9 mwa, démann réouvri-a pral fèt menm jan ak yon démann réégzamen (gadé 3.4. Rekonsidérasyon).

3.4. Rekonsidérasyon

Après ou pa kalifyé nan démann azil-ou douvan CNDA ou byen lé ou pa fé rékou anvan yon mwa pasé daprè rézilta l'OFPPRA, ou kapab mandé l'OFPPRA pou yo fé yon lot rekonsidérasyon sèlman lè ou gen yon « élément nouveau » (nouvo éléman), sa vlé di :

- ki fèt après rézilta CNDA ou byen anvan rézilta-a, ou vin konnen après ;
- ki kapab fé'w jwenn gwo laperez pèsékizyon ou byen gwo ménas ki kapab rivé'w si ou tounen.

Ou kapab pran konséy ak yon asosyasyon ou yon avoka.

Alè la préfekti anréjistre démann-ou.

Ou gen 8 jou lè ou fé nouvo enrèjistreman sa-a pou fé yon démann rekonsidérasyon l'OFPPRA. Si démann-ou pa konplè, biwo-a pral baw 4 jou pou'l konplè net'.

L'OFPPRA pral fé yon prémyé ègzamen démann-ou yap pran 8 jou pou di'w si yo kapab résèvwa'l. Nan ègzamen sa-a, yo kapab pa bezwen konvoké'w pou entèvyou.

Après ègzamen sa-a, l'OFPPRA kapab pa kalifyé'w pou démann-ou lè fè yo ou byen éléman wap palé pa kapab fé'w jwenn yon pwotèksyon.

Si l'OFPPRA kalifyé démann-ou, yo pral fé'l, a pa yon lot désizyon, nan pwsédi rapid.

Nan ka sé prémyé démann rekonsidérasyon, si lapréfekti vwé wap prezante démann sa-a pou yo pa voyé'w alè ak l'OFPPRA pa kalifyé'w, ou pa gen dwa rété anlè tèritwa-a après désizyon l'OFPPRA.

Nan ka sé dézyem démann rekonsidérasyon, ou pa gen dwa rété.

Nan dè ka sa-yo, yo kapab réfizé'w atestasyon démann azil ou byen yo pa renouvèlè, yo kapab voyé'w alè, menm lè wap fé rékou CNDA.



4. Chemen pou moun kap mandé azil

4.1. Akonpayman moun kap mandé azil

■ Prémýé akey ak oryantasyon

Pou mandé l'azil l'OFPPRA, ou gen pou anrèjistrè demann azil -ou nan biwo inik anvan.

Nan biwo inik gen ajan préfekti ak ajan biwo franse imigrasyon ak entegrasyon (OFII), yo la espesyalman pou akey-ou.

Genyen 34 biwo inik nan tout tèritwa métropolitèn-a (gadé lis annex).

Ou pa bezwen adrès kay (adrès lapos) pou fé anrèjistreman demann lazil-ou.

Anvan ou alè nan biwo inik, alè nan asosyasyon pou prémýé akey, ki pral édéd'w pou aplikasyon sa-yo. Ou kapab jwenn kontak-yo nan biwo inik koté ou dépann.

✓ Asosyasyon kap sipotè prè akey gen misyon :

Asosyasyon kap sipotè prè akey gen misyon :

- ranpli fom éléktronik anrèjistreman demann l'azil kap bay idantité'w ak moun fanmi'w ;
- pran randévous nan biwo inik yo pral baw yon konvokasyon, kak di'w, ki koté nan ki lè ou gen pou prezanté nan biwo inik. Randévous-a pral fèt 3 jou aprè ou té prezanté nan asosyasyon-a. Li kapab 10 jou lè gen anpil moun ;
- pa bliyé foto idantité yo pral mandé'w nan biwo inik.

Se nan komputè yo pral transmèt tout dosyé'w nan biwo inik.

ATANSYON : Fok ou respektè dat ak lè ki anlè konvokasyon-a. Lè ou gen reta, yo pap kapab resevwa'w ou pral prezanté anko nan asosyasyon prè akey pou yo kapab baw yon lot randévous.

✓ Wol biwo inik

Anrèjistreman demann azil-ou nan biwo inik pral fèt nan 3 etap.

Pou prémýé etap, ajan lapréfekti pral gadé si enfowmasyon asosyasyon prè akey voyé nan biwo inik valab.

Ajan-a pral pran anprint 10 dwèt-ou¹ li pral fé yon ti palé avè'w pou konnen ki chimèn ou fé dépi lè ou kité péyi orijin-ou, pou li kapab konnen ki péyi ki responsab demann azil-ou (gadé 2.1. Deteminasyon léta ki responsab aplikasyon nan azil).

Aprè prémýé etap sa-a, yo pral di'w ki pwosédi ou kapab fè pou demann azil-ou.

Si yon lot péyi responsab demann azil-ou, sé pwosédi « Dublèn III » ki pral fèt (gadé 2.1. Deteminasyon léta ki responsab aplikasyon nan azil).

¹ Obligatwa lè ou gen 14 lanné.



Si Lafrans responsab demann azil-ou, l'OFPPRA gen konpétans pou egzamine'l, nan pwosédi nomal ou byen pwosédi rapid. Nan pwosédi rapid, l'OFPPRA genyen 15 jou pou fé egzamen-a nomalman ou jwenn menm garanti nan dè pwosédi sa-yo.

Démann ou nan pwosédi rapid otomatikman, dèpi biwo inik, nan 2 ka sa-yo :

- lé ou gen nasyonalité yon péyi ki pa gen ensékirité (lis péyi sa-yo nan préfèkti ou byen sit entènèt l'OFPPRA) ;
- lé ou fé yon prèmyé demann azil ki pa kalifyé'w net wap mandé yon réégzamen.

Yo kapab métè demann-ou nan pwosédi rapid, depi biwo inik, nan ka sa-yo :

- lé ou rèfize bay anprint dwèt ou ;
- lé wap bay otorité manti ou prezantè fo dokiman, ak fo endikasyon ou byen ou pat bay tout enfomasyon ;
- lé ou fé plizyè demann ak yon lot idantité ;
- lé ou mize trop pou mandé lazil lè ou rivé Lafrans (plis pasè 120 jou) ;
- lé wap mande l'azil pou yo pa voye'w alè ;
- lé ou prezantè yon menas grav pou lod piblik, sekirité piblik ou byen sékirité léta.

Aprè anrèjistreman-a, yo pral baw yon atestasyon demann azil ki valab yon mwa. Nan lè sa-a, voyé yon aplikasyon demann azil, ranpli'l, koté l'OFPPRA (gadé 3.1.).

Nan dezyèm étap, yon ajan l'OFII pral gadé sitiyaasyon'w pesonel ak kesyon (gadé 4.1. Akonpayman moun kap mandé azil).

Evalyasyon sa-a pa pou koz ou pral mande azil l'OFPPRA.

Si ou pa gen kay mandé yon sipò, ajan-a pral fé rechèch pou jwenn yon koté pou-ou rété (gadé 4.2. Ébèjman moun kap mande azil).

Li pral ouvri yon dwa alokasyon pou moun kap mandé azil (gadé 5.1. Alokasyon pou moun kap mandé azil).

✓ **Akonpayman apré biwo inik**

Aprè biwo inik, ou pral genyen yon akonpayman koté ou ebejè, lé sé yon sant akèy pou moun kap mandé azil (CADA) ou byen lyè ébèjman irjans ki stab (pa otèl).

Si ou pa ébèjé nan kotè sa-yo, akonpayman-a pral fèt ak yon oganizasyon espesyal koté l'OFFI pral voye'w.

Ak akonpayman sa-a wap jwenn adres ak ed pou dosyé demann azil ou pral kominikè l'OFPPRA.

■ **Kondisyon pou akey**

Lé ou gen randévous biwo inik pou anrèjistreman demann azil-ou, l'OFII kapab sipoté'w. Lé ou akseptè sipò-a, wap jwenn benefis bon kondisyon akèy espesyal, lap valab tout tan pwosédi azil-ou.

Kondisyon bon akey genyen :

- yon ébèjman nan sant akey pou moun kap mandé azil (CADA) ou byen yon sant ébèjman ijans, pou-ou ak, moun fanmi'w ;
- akonpayman pou demach administratif ak sosyal pou-ou kapab suiv dosyé demann azil-ou ak aksè dwa sosyal ou gen dwa ;



- yon alokasyon chak mwa (alokasyon pou moun ki fé demann azil- ADA), kantite lajan-a pral depann fanmi ou genyen.

Si ou refizè sipo-a, wap pedu tout bènèfis bon kondisyon akey.

Yap sipote'w pou tèt ou gen estati demann azil. Li pral sispann lè ou pral jwenn dènye desizyon pou demann azil-ou. Lé yon lot péyi responsab aplikasyon demann azil-ou, wap jwenn benefis kondisyon akey sa-yo jouk lè ou pralè nan péyi sa-a.

■ Sipoté yon moun vilnérab nan biwo inik

Lé ou pralé nan biwo inik aprè anrejistreman demann azil-ou, yon ajan l'OFII ap resevwa'w poul kapab gadé ki akey ou bezwen.

Antretyen-a konfidansyel.

Yo pral pozè'w yon lis kesyon pou gadé si ou bezwen kondisyon akey espesyal. Si ou bezwen, ajan l'OFII ap pran sa an kont pou voye'w nan lyè ebèjman ki bon pou-ou.

Ou lib pou akseptè ou refizè reponn kesyon-yo. Nan ka rèfi, administrasyon-a pap responsab koté yo ebeje'w ki pa bon pou bezwen'w ou byen SI l'OFPPRA pa konn sityasyon'w.

Si ou rive la Frans ak yon dosye maladi, ajan l'OFII pral bay dosye'w nan lèt konfidansyel pou doktè l'OFII ki pral gadé si sityasyon'w bezwen yon kondisyon akey espesyal. Si ou soufri, yo pral voye'w nan sant swen ou byen nan sèvis ijans lopital ki pi pwoch.

Si ajan l'OFII vwè ou nan sityasyon vilnerabilitè, li kapab, si ou dako, di l'OFPPRA sa. Enfomasyon sa-a gen pou objèktif amenajé, si ou bezwen, kondisyon enstriksyon demann azil-ou l'OFPPRA (egzamp, aksè pou moun ki gen andikap ou yon enterprèt nan lang siy). Sé l'OFPPRA ki pral okipè sa.

Bezwen'w nan sityasyon vilnerabilitè pral pran an kont tout tan yap fè egzamen demann azil-ou ak travayè sosyal-yo nan plas pou ebèjman ou byen asosiyasyon an chaj pou akonpanye'w nan tout demach administratif ak sosyal.

4.2. Ebèjman moun kap mandé azil

■ Plas pou ebèjman

Genyen 50 000 plas ebèjman pou moun kap mandé azil, nan CADA, ou byen nan plas ebèjman ijans anlè tout tètwa franse. Plas ebèjman ijans-yo anpil : apatman, sant kolektif ou chanm otel. Tout koté sa-yo sé pou moun kap mandé azil ak fanmi-yo tou sèl.

Pou ou jwenn ebèjman, fok ou genyen yon atestasyon pou demann azil.

Moun ki pou fé demann lazil-yo nan yon lot leta manm inyon ewopeen pa gen aksè nan ebèjman CADA.

CADA ak ebèjman ijans, ou kapab patajé chanm-yo (kote pou kwit manjé, chanm dlo, twalèt) ak lot moun fanmi.

Nan CADA ak liyè ebèjman ijans, wap jwenn èd administratif (akonpayman nan pwosedi demann azil), ed sosyal (aksè pou swen, voyè ti moun lekòl, etc.). Sé léta kap sipoté ak okipé tout aparèy sa-yo. Sé asosiyasyon-yo kap géré liyè ebèjman-yo.



■ Oryantasyon pou ébèjman

Kondisyon akey, sé l'OFII kap baw ébèjman nan biwo inik kote ou anrejistrè démann azil-ou. Si ou réfizè priz an chaj sa-a, ou pap kapab jwenn alokasyon pou démann azil (ADA).

Si ou akseptè priz an chaj sa-a, l'OFII pral, dapre plas ébèjman yo genyen, baw yon plas nan CADA ou nan ébèjman ijans. Lè yo pa jwenn plas, l'OFII pral voye'w nan asosiyasyon yo ki pral fé rechèch lè wap tann yon ébèjman nan otel.

Sé l'OFII ki pral egzaminè démann ébèjman-a dapre plas yo genyen nan depatman-a, zon-nan, ou anlè tout tiritwa franse.

Yo kapab baw yon ébèjman an dewo depatman-a ou zon kote ou depoze démann azil-ou. Si ou refizè pwopozisyon sa-a, ou pap resevwa ADA anko ou pap gen lot pwopozisyon pou ébèjman nan plas ki fèt pou moun kap mandé azil.

Si ou pa jwenn solisyon, ou kapab relè, chak jou nan nenpot ki telefon piblik, 115, nimewo telefon gratis. Bayo siyati'w ak kote ou yè, yap pran'w an chaj pou lannwit ak ebeje'w nan yon sant akey ijans. Nimewo sa-a toujou okipè. Pa pè relè-yo anko.

Sepandan, lé ou refizè yon liyè ébèjman l'OFII te pwopoze'w 115 pral édé'w sèlman lè ou nan sitiyanon détrès maladi, psychik ou sosyal espesyal.

■ Soti koté yo ébèjéw

Lé ou admèt nan yon liyè ébèjman pou moun ki mandé azil, wap jwenn bénéfis nan tout lè pwosedi azil-ou, menm, nan ka, ou pral fè rekou douvan CNDA.

Si ou kaliftè nan denyè rézilta l'OFPPRA ou byen CNDA, ou gen twa mwa pou kitè sant-la, ou kapab fè renouvelman yon sel fwa. Si ou pa kalifyé, ou gen yon mwa pou kitè sant-la.

Si ou fè reta nan liyè ébèjman -a, prefè depatman-a pral oblije'w kitè liyè sa-a. Si ou pa ta vlè kitè kotè-a, prefè depatman-a kapab mande jij administratif refère baw lod kitè liyè sa-a.

Si ou pa kalifyè nan denyè rézilta l'OFPPRA ou nan CNDA, ou gen dwa mandé ed pou retou volontè (gagé 6.2. Ed pou retou volontè nan péyi orijin'ou).



5. Dwa moun kap mandé azil

5.1. Alokasyon pou moun kap mandé azil (ADA)

Alokasyon pou moun kap mandé azil (ADA) fèt nan lwa 29 jyè 2015 dapre refòm dwa azil. Li pral ranplase, 1 novanb 2015, alokasyon pou yon tan (ATA) ak alokasyon chak mwa pou degagé'w (AMS).

Sé l'OFII ki an chaj pou bay lajan alokasyon-a nan ajans sèvis pou lajan.

Wap jwenn li nan tout lè enstriksyon demann azil-ou, ou byen jouk lè yo pral voye'w nan leta ki responsab demann azil-ou, ak tout etranjè ki gen bénéfis pwoteksyon pou yon tan ak sak gen kat séjou pou yon tan yo tè jwenn-li dapre atik L. 316 - CESEDA (viktim trafik, ou pou akizisyon).

■ Kondisyon pou jwenn li

Pou ou kapab jwenn bénéfis alokasyon moun kap mandé azil, ou dwè :

1- Detantè yon atestasyon demann azil ou yon kat séjou yo tè baw pou :

- a) Moun ki mandé azil ki fè demann azil-li Lafrans (atik L. 741 - 1 du CESEDA),
- b) Moun ki mandé azil ki nan pwosédi « Dublen III » (atik L.742-1 du CESEDA),
- c) Moun ki gen bénéfis pwoteksyon pou yon tan (atik L.743-1 du CESEDA),
- d) Etranjè ki viktim trafik moun ou akizisyon (atik L.316-1 du CESEDA) ;

2- Gen 18 lanné ;

3- Si wap fè demann azil, ou aksepté kondisyon a ke l'OFII té pwopozé'w.

■ Ki jan pou tè demann ou

Si ou fè demann azil, dwa'w pou alokasyon pou moun kap mandé azil ouvri, apre anrejistreman demann azil-ou nan biwo inik anvan ou akspté priz an chaj l'OFII pral pwopozé'w.

Komansman lajan alokasyon-a pral fèt lè l'OFPPRA pral jwenn demann azil-ou, 21 jou apré anrejistreman demann azil-ou.

Si ou nan katégori ki nan pwen 1-c) ak d) sé nan direksyon tériwa l'OFII pou fè demann-ou ki koté ou rété (cf. lis direksyon tériwa l'OFII nan anex).

Ou kapab jwenn yon aplikasyon pou demann-ou. Lè ou konnen, voyé'l l'OFII ak tout jistifikatif kat séjou-ou, adrès-ou, moun fanmi'w, résouss-ou.

■ Konbyen alokasyon

Pou jwenn bénéfis alokasyon demann azil, fok ou kapab jistifyé resous-ou chak mwa pli piti ki lajan revenu solidaritè aktif (RSA).

Lajan alokasyon kalkilè dapre konbyen moun ou genyen nan fanmi'w, resous-ou, koté ou ébèjé.



■ Pèman alokasyon-a

